

## **DOA TIRAKATAN PENGETAN INGKANG KAPING-79 KAMARDIKAN REPUBLIK INDONESIA**

### **Dhuh Allah, Gusti Ingkang Maha Welas Asih**

Puji Syukur kanthi tulusing manah, kawula kunjuk'aken mligi dhumateng Paduka, wondene wonten ing titi wanci menika kula sedaya kempal manunggal lan Tafakur wonten ing Malem Tirakatan saperlu ngeneti labuh labetipun para pahlawan kusumaning bangsa ingkang sampun lila ngorbanaken jiwa raganipun tumrap Kamardikan lan mulyaning bangsa.

### **Dhuh Allah, Gusti ingka Maha Kuwaos**

Kula nglenggana bilih Kamardikan ingkang Paduka paringaken dhumateng bangsa kula menika, minangka nikmat ingkang sampun katebus kanthi pangorbanan jiwa lan raganipun para pahlawan kusumaning bangsa. Pramila kanthi tulus Ikhlas kula sedaya nyuwun sih kawelasan Paduka, mugi paringana pangapunten dedosa para pahlawan, ugi kersoa nampi sedaya amal baktinipun minangka Syuhada.

### **Dhuh Allah, Gusti ingkang Paring Nikmat**

Dadosna bangsa kula minangka bangsa ingkang kebak raos Syukur lan bangsa ingkang saged angregani lan ngaturaken panuwun awit labuh-labetipun para Pahlawan. Mugi-mugi kula sedaya saged amarisi watak satriya, greget lan gegayuhanipun para Pahlawan, lan ugi saged nerasaken sedaya gegayuhan luhur kangge kemajengan Pembangunan bangsa ingkang adil makmur ing Bumi Nusantara Indonesia Maju.

### **Dhuh Allah, Gusti ingkang Maha Wicaksana**

Mugi kersa amimbuhi raos sadar, tanggung jawab, disiplin lan waspada tumrap bangsa kula, lan tetep anjagi golong giligke manah anjagi persatuan kesatuan, tinebihna saking cecongkrahan, memungsuhan, lan ugi paringana pepadhang tumrap kula sedaya kangge ngudhari sedaya reribet, bot-repot, tantangan lan sambekala ingkang angalangi gegayuhan mujudaken Stabilitas lan ketahanan Nasional.

### **Dhuh Allah, Gusti ingkang Maha Welas**

Paringana pangaksami sedaya dosa kalepatan kula sedaya, dosanipun tiyang sepuh lan para pahlawan kula sedaya. Mugi paduka kersa nampi donga lan panyuwunan kula sedaya. Estunipun naming Paduka dzat ingkang Maha Mirenganken lan Maha priksa sedayanipun.